

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- Pas PAMM pou Elèv
- Resous pou Paran nan Pla Men Ou
- Elèv M-DCPS Kontinye Briye nan Evalyasyon Nasyonal yo

Novanm 2019

Biltèn 12 | NIMEWO 57 |



#ItsNoJokeMDCPS

Pou resous paran ak elèv konsènan kanpay sa a, silvoulè vizite itsnojoke.dadeschools.net.

“PRINCIPAL TODAY” (DIREKTÈ JODI A) AP SELEBRE PLIS PASE DE DESENI SIKSÈ



Prezidan e “CEO” (Ofisye Egzekitif Anchèf) Arsht Center Johann Zietsman pase jounen an avèk elèv nan Akademi ‘iPrep’

Jedi 24 oktòb, plis pase 600 lidè kominotè, patnè biznis ak direktè lekòl te rasanble nan Jungle Island pou Lansman Dejne Anyèl “Principal TODAY” (Direktè JODI A). Depi plis pase 20 ane, pwogram sa a

te konsantre sou devlope bonjan patenarya ki sipòte lekòl nou yo, nan ankouraje kominote a pou l pran yon wol lidè nan edikasyon piblik nan devlope biznis alontèm ak patenarya lekòl nan benefis elèv e nan sipòte akonplisman akademik.

Mèkredi 30 oktòb 2019, nou te gen “CEO” (Ofisye Egzekitif Anchèf), pwopriyetè ti biznis, òganizasyon relijye, lidè kominotè ki pa la pou pwofi, ofisyèl eli, ak manm medya lokal e nasyonal nan lekòl nou yo. Lidè kominote sa yo te sezi opòtinite pou yo sèvi kòm “Direktè Lekòl” pou jounen an e patisipe nan evènman san parèy sa a. Atravè distri a, patnè

kominotè yo te patisipe nan yon varyete aktivite ki gen ladan anons nan maten, salitasyon elèv lè y ap depoze yo, obsèvasyon STEAM ak ofri sipò pou elèv nou yo. Jounen sa a lanse kòmansman divès patenarya ak anpil lòt opòtinite.

Biwo Angajman Kominotè M-DCPS la gen rekonesans pou patnè nou yo, tankou Bank of America, Publix, LEGO Education ak Office Depot, ki te patwone dejne sa a avèk jenewozite e ede fè evènman anyèl sa a posib.



Otòn rive, e elèv yo gen opòtinite pou yo pase yon pati ladan nan Perez Art Museum Miami (PAMM) gratis! Pas PAMM pou Elèv la se yon pwogram ki bay admisyon gratis pou tout elèv ki nan Lekòl Leta Miami-Dade County kounye a ale nan mize a, soti nan klas matènèl jiska 12èm ane eskolè. Non sèlman elèv la resevwa aksè gratis, yon adilt ki akonpaye li ap kapab antre nan mize a tou san peye. Adilt la kapab yon paran oubyen yon gadyen, oubyen yon lòt adilt tankou yon moun ki ap okipe timoun, yon granparan oubyen yon lidè eskout. Pas Elèv la pemet elèv vizite osi souvan yo vle. Pou enskri nan pwogram Pas PAMM

pou Elèv la, sèlman vizite [PAMM.org/studentpass](http://pamm.org/studentpass) oubyen ranpli aplikasyon an nan antre prensipal mize a pandan orè regilye.

Pou Otòn sa a, PAMM pral fè yon egzibisyon ki prezante travay Teresita Fernández, yon atis yo rekonèt entènasyonalman ki se yon jèn fi Miami (ki gradye nan Lekòl Segondè Hialeah). Aprann plis sou ekspozisyon an nan <https://pamm.org/exhibitions/teresita-fernandez-elemental>.

Patenarya M-DCPS avèk PAMM pou enpleman pwogram Pas PAMM pou Elèv la ofri aksè gratis sa presedan pou elèv. Pwofite li!

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Primè:

Ou Ka Ede

<http://bit.ly/33xo217>

Segondè:

Ede Adolesan Ou Fè "Klasik"

Liv Gen Vi Ladan

<http://bit.ly/2qzRM8V>

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

27 novanm

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

28 novanm

'Thanksgiving'

29 novanm

Jou Konje

RESOUS PARAN NAN PLA MEN NOU




"The Parent Academy (TPA)" (Akademi Paran An) kreye yon nouvo aplikasyon mobil pou fanmi kapab jwenn aksè nan resous ak bon kalite atelye pou paran nan itilize telefòn

entelijan yo. Aplikasyon an entegre nan Aplikasyon Mobil Dadeschools la. Paran ap bezwen genyen kont Pòtal Paran ki aktif pou yo ka ouvri li. Anplis paj Entènèt sa a yo fèk amelyore, aplikasyon an ofri sis lòt patikilarite. "Workshops" bay lis plis pase 30 sijè yo te devlope ann Anglè, Espayòl, ak Kreyòl. "Virtual Campus" la prezante atelye ki anrejistre alavans pou paran sou sijè enpòtan tankou 'iReady', "Vaping" (Vapè Sigarèt), ak Sante Mantal, yo ofri tou nan twa lang. "Family Matters" (Fanmi Enpòtan) ofri lyen pou resous sou sijè espesifik fanmi ka diskite lakay. Patikilarite ki gen nan "Bilingual Parent Outreach Program (BPOP)" (Pwogram Bileng pou Ede Paran) dirije paran elèv "ESOL"

(Anglè kom Dezyèm lang oubyen Lòt Lang) nan senk sant resous atravè distri a. Yo fè klas ann Espayòl ak Kreyòl nan divès sant resous madi swa. Patikilarite "Near Me" (Toupre Mwen) ede paran lokalize atelye anplwaye TPA yo fè lajounen ak nan nuit nan adrès ki toupre yo. Yo ka chèche atelye yo pa tit, dat, lang, kòd postal, oubyen non lekòl yo. Anfen, lyen "Family Fun" (Amizman pou Fanmi) an ofri enfòmasyon konsènan evènman ak aktivite a bon mache ki ap fèt atravè Miami-Dade. Nou ankouraje fanmi yo pou yo ouvri aplikasyon TPA a souvan. Rete konekte. Sèvi kòm lyen pou siksè pitit ou!

The Nation's Report Card

NAEP TUDA



REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

11 desanm
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

Elèv M-DCPS yon fwa ankò montre akonplisman remakab, jan “National Assessment of Educational Progress (NAEP)” (Evalyasyon Nasyonal Pwogrè Edikasyonèl) la revele nan rezilta li te pibliye. Plis pase 6,800 elèv nan 183 lekòl Miami-Dade County te patisipe nan administrasyon NAEP 2019 pou 4èm ak 8èm ane eskolè. NAEP se estanda evalyasyon ki gen plis prestij ki konpare akonplisman elèv atravè peyi a ak lòt gwo distri iben yo.

Sa ki ap suiv yo se gran liy rezilta yo:

- Nòt echèl NAEP pou elèv katriyèm ane eskolè M-DCPS yo klase # 1 nan toude, Lekti ak Matematik pami tout distri TUDA yo.
- Nòt elèv M-DCPS nan Evalyasyon NAEP yo te pi wo anpil pase tout lekòl leta peyi a nan Lekti ak Matematik 4èm ane eskolè.
- Nòt NAEP elèv 8èm ane eskolè M-DCPS yo klase # 2 nan Lekti e #

6 nan Matematik nan evalyasyon NAEP 2019 yo, ki ogmante klasman nan 5èm ak 10èm, respektivman, pa rapò ak administrasyon 2017 la.

- Analiz sou gwoup yo te revele tou elèv M-DCPS te travay byen an konparezon ak lòt kamarad yo nan tout peyi a.

o Elèv Ispanik nan M-DCPS yo kontinye pèfòmans eksepsyonèl yo nan NAEP, yo akonpli ankò pi gwo nòt Lekti ak Matematik nan tout nivo ane eskolè ki te pran egzamen yo pase toude, Lekòl Leta Nasyonal yo ak echantiyon nan Lekòl Gran Vil yo.


o Elèv Nwa nan M-DCPS yo reyalize pi gwo nòt mwayèn pase echantiyon Lekòl Leta Nasyonal ak Gran Vil yo nan Lekti ak Matematik 4èm ane eskolè pase echantiyon elèv nan lekòl Gran Vil yo nan Lekti 8èm ane eskolè.

o Elèv ki gen andikap nan M-DCPS yo tou reyalize pi gwo nòt mwayèn

pase kamarad yo nan echantiyon Lekòl Leta Nasyonal nan Lekti ak Matematik 4èm ane eskolè ak Lekti Klas 8èm ane eskolè. Elèv sa yo tou fè pi gwo nòt pase echantiyon elèv nan lekòl Gran Vil nan tout ane eskolè ak nan sijè yo teste yo.

o Anplis, kote prèske 70% elèv nou yo elijib pou pwogram repa midi gratis/nan pri redui, elèv elijib sa yo fè pi gwo nòt pase kamarad yo nan toude, Lekòl Leta Nasyonal ak echantiyon elèv nan lekòl Gran Vil yo ansanm ak ane eskolè ak nan sijè yo teste yo.

- Pandan twa distri Florid ki te patisipe nan pwogram TUDA nan tout peyi a fè nòt pami distri ki antèt nan peyi a, M-DCPS egale e oubyen depase echèl mwayèn Konte Hillsborough ak Konte Duval resevwa nan tout kat nivo ane eskolè/sijè yo.



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL

 @MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup

 @MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1

 @MiamiSchools
@MiamiSup

 @MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo
Christopher Badillo
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon
Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon